

**Avi sou Pratik Konfidansyalite pou Enfòmasyon sou Tretman Twoub Konsomasyon
Dwòg
Brown University Health**

Avi sa a konsène enfòmasyon sou sante w nou te kolekte pandan tretman w pou twoub abi dwòg (SUD) nan pwogram SUD Brown University Health yo. Si w p ap resevwa sèvis nan yon pwogram SUD, HIPAA pwoteje enfòmasyon w yo, men lòt pwoteksyon sa yo pa aplike. Avi sa a gen ladan l sa ki annapre yo: (1) enfòmasyon sou fason yo ka itilize ka pataje dosye SUD ou yo; (2) dwa w yo konsènan enfòmasyon tretman SUD ou a, epi (3) fason pou w depoze yon plent si w gen enkyetid sou yon posib vyolasyon dwa sa yo oswa sou vi prive oswa sekirite enfòmasyon tretman SUD ou a.

Ou gen dwa resevwa yon kopi avi sa a, sou papyè oubyen sou fòm elektwonik, epi pale sou li avèk Ofisye Konfidansyalite nou an ki gen enfòmasyon kontak ki mansyone pi ba w si w gen nenpòt kesyon. Nou oblije bay pasyan ki nan pwogram SUD nou yo yon avi sou responsabilite legal nou yo ak pratik konfidansyalite nou yo epi pou nou mete pasyan ki afekte yo okouran apre yon vyolasyon dosye SUD ki pa pwoteje. Avi sa a aplikab pou enfòmasyon sou tretman SUD ki pwoteje anba 42 CFR Pati 2, yon lwa federal ki bay plis pwoteksyon sou vi prive pou enfòmasyon SUD. Se pa tout sèvis sante Brown University yo ki pwogram SUD. Swen Brown University Health bay ki pa nan pwogram SUD li yo (ki gen ladan men se pa sèlman tès depistaj abi dwòg ki fèt nan sal ijans oswa founisè swen jeneralis ou fè) se sèlman Avi sou Konfidansyalite HIPAA a ki kouvri l, epi se pa avi siplemantè sa a.

1. Pwoteksyon dosye SUD

Lalwa ak règleman federal yo pwoteje konfidansyalite dosye pasyan SUD nou yo. N ap pataje enfòmasyon sou tretman SUD ou a ak anplwaye nou yo jan sa nesèsè pou nou ka ba w swen oswa pou nou ka fè w peye pou sèvis yo. Men anjeneral, nou pa ka di yon moun ki pa nan sant tretman SUD la ou se yon pasyan pwogram nan oswa pataje okenn enfòmasyon ki idantifye pwoblèm ou genyen ak konsomasyon dwòg, sof nan sikonstans ki dekri pi ba a.

2. Kilè nou ka pataje enfòmasyon san konsantman w

Nou ka pataje enfòmasyon w yo san konsantman ekri w sèlman nan sikonstans ki limite ki annapre yo:

- **Ijans Medikal:** Pou anplwaye nan ekip medikal ki bezwen enfòmasyon pou trete yon kondisyon ki reprezante yon menas imedyata pou sante w.
- **QSO:** Pou òganizasyon sèvis kalifye (QSO) k ap bay sèvis pou nou ki dakò pa ekri pou pwoteje enfòmasyon yo menm jan nou oblije pwoteje enfòmasyon yo.
- **Krim nan lokal yo:** Bay lapolis pou rapòte yon krim ou fè, oswa ou menase pou w fè, nan etablisman nou an oswa kont anplwaye nou.

- **Abi/Neglijans sou Timoun:** Bay ajans pwoteksyon timoun nan eta a jan lalwa eta a egzije sa.
- **Rechèch oswa Verifikasyon:** Pou anplwaye ki kalifye pou rechèch, verifikasyon, oswa evalyasyon pwogram, ki gen pou respekte antank strik pou sipèvizyon ak konfidansyalite.
- **Manda tribinal:** Sèlman si nou resevwa yon manda tribinal ki respekte egzijans presi 42 CFR Pati 2 yo. An patikilye, sonje byen dosye oswa temwayaj sou dosye w yo pa ka itilize nan okenn pwosedi sivil, administratif, kriminel oswa lejislatif kont ou sof si ou bay konsantman presi pa ekri pou objektif sa a oswa yon tribinal bay yon lòd ki respekte prensip legal "bon kòz" nan 42 CFR Pati 2.

3. Pataj ki mande konsantman presi w pa ekri

Nan tout lòt sikonstans, n ap mande konsantman presi w alekri pou nou pataje enfòmasyon w yo lòt kote ki pa nan pwogram nou an.

- Pou ba w pi bon nivo vi prive posib, Brown University Health pa itilize konsantman "laj" oswa "jeneral" pou tretman, pèman oswa operasyon swen sante alavni. Nou egzije pou chak fòmilè konsantman ou siyen idantifye yon moun oswa yon gwoup moun presi ki ka idantifye kòm moun k ap resevwa konsantman; epi
- Si w bay yon fòmilè konsantman ki pa bay non yon moun presi pou resevwa l, n ap fè tout efò rezonab pou kolabore avè w pou mete konsantman sa a ajou anvan nou pataje nenpòt enfòmasyon.

Si w dakò pou nou pataje enfòmasyon w yo, ou ka chanje lide nenpòt lè, lè w ekri nou (nan adrès oswa imel ki pi ba avi sa a) epi mande nou pou nou sispann. Si w fè sa, n ap sispann nenpòt pataj enfòmasyon w alavni, men nou p ap kapab anpeche okenn enfòmasyon ki deja pibliye.

4. Dwa w kòm yon Pasyan nan Pwogram nan

Antanke pasyan nan yon pwogram tretman SUD ki afilye ak Brown University Health, ou gen kèk dwa konsènan enfòmasyon w met sou dwa sa yo ki dekri nan Avi Pratik Konfidansyalite HIPAA nou an:

- **Dwa pou w gen yon relve sou pataj ki fèt yo:** Ou gen dwa mande yon rapò sou kèk pataj enfòmasyon SUD ou yo nou te fè bay moun oswa antite ki pa nan pwogram SUD la pandan twa (3) dènye ane yo. Paske nou mande pou w bay yon konsantman presi, pa ekri ki idantifye yon moun ki resevwa tretman, pèman, ak operasyon swen sante, jeneralman pataj rutin sa yo pa nan relve sa a. Lis la ap gen ladan prensipalman pataj ki fèt san konsantman w (pa egzanp, pou rapòte yon krim oswa abi sou timoun).
- **Dwa pou w resevwa kopi:** Ou gen dwa pou w jwenn yon kopi avi sa a sou papye oubyen pa mwayen elektwonik, ansanm ak Avi sou Konfidansyalite HIPAA nou an, si w mande l. Ou ka jwenn avi sa a tou nan <http://www.brownhealth.org/about/patient-privacy>.

- **Dwa pou w chwazi pou w pa patisipe nan koleksyon lajan:** Ou gen dwa chwazi pou w pa resevwa kominikasyon pou w ranmase lajan.
- Nou respekte nesesite pou kenbe konfidansyalite swen w. Nou oblije suiv kondisyon avi ki aplikab nan moman an. Si nou fè chanjman nan fason nou jere dosye w yo, n ap chanje avi nou an epi ba w yon nouvo avi nan pwochen vizit ou a si w ap toujou resevwa swen. Si w pa ap resevwa swen nan pwogram sa a ankò, ou ka mande yon kopi avi nou an ki ajou oubyen ou ka jwenn avi ki pi resan ki aplikab la sou sit entènèt nou an, <http://www.brownhealth.org/about/patient-privacy>.

Si w gen yon enkyetid oswa yon kesyon konsènan avi sa a oswa sou vi prive w, ou ka kontakte Ofisye Konfidansyalite a, ki gen enfòmasyon pou yo kontakte l la pi ba a. Met sou sa, ou gen dwa depoze yon plent bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la. Pou plis enfòmasyon sou fason pou w kontakte Sekretè a, tanpri kontakte Ofisye Konfidansyalite a. P ap gen okenn reprezay kont ou paske ou depoze yon plent.

Ofisye anchaj Konfidansyalite Sante nan Brown University

15 LaSalle Square

Providence, RI 02903

privacyofficer@brownhealth.org